

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikam miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kode *meme* Sunda dina *akun Instagram* Sunda. Wanda campur kode mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur-unsur basa séjén kana basa Sunda. Dumasar wandana, campur kode dina *meme* Sunda téh kapanggih aya tilu rupa nyaéta campur kode ka jero, campur kode ka luar, jeung campur kode campuran.

Campur kode ka jero mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun basa Indonésia. Dina ieu hal, campur kode ka jero kaasup kana campur kode nu panglobana nu jumlah unsurna aya 550 unsur. Sedengkeun campur kode ka luar mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun basa séjén atawa basa asing. Unsur basa nu kapanggih nyaéta basa Arab, basa Walanda, jeung basa Inggris. Dina ieu hal, campur kode ka luar kaasup kana campur kode nu pangsaeutikna kalayan jumlah unsurna aya 34 unsur. Ari sésana nyaéta campur kode campuran. Campur kode campuran mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun dua unsur basa séjén kana basa Sunda. Jadi, dina hiji kalimah téh aya unsur-unsur basa séjén (basa Indonésia jeung basa Asing) nu digunakeun dina kalimah basa Sunda. Unsur campur kode campuran kaasup kana campur kode nu tengah sabab jumlah unsurna aya 358 unsur.

Wujud campur kode *meme* Sunda dina *akun Instagram* Sunda kapanggih aya genep rupa nyaéta campur kode dina wujud kecap, campur kode dina wujud frasa, campur kode dina wujud baster, campur kode dina wujud kecap rajékan, campur kode idiom, jeung campur kode klausa. Campur kode dina wujud kecap mangrupa campur kode nu panglobana, sedengkeun campur kode idiom mangrupa campur kode nu pangsaeutikna, ari sésana nyaéta wujud campur kode frasa, baster, kecap rajékan, jeung klausa.

Campur kode nu ngawujud kecap mangrupa campur kode anu ngagunakeun kecap-kecap dina basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Dina ieu hal, anu lolobana dipaké dina *akun Instagram* Sunda téh nyaéta wangun kecap salancar. Campur kode nu ngawujud frasa mangrupa campur kode anu diseselan ku frasa-frasa

basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Campur kode nu ngawujud frasa lolobana nyaéta warna frasa barang. Campur kode nu ngawujud baster mangrupa campur kode nu diseselan ku dua unsur basa nyaéta basa Indonésia jeung basa asing nu miboga hiji harti. Dina ieu hal, anu lolobana dipaké dina *akun Instagram* Sunda téh nyaéta dina pola basa Inggris jeung basa Indonésia. Campur kode kecap rajékan mangrupa campur kode anu diseselan ku kecap-kecap rajékan boh dina basa Indonésia boh dina basa asing. Campur kode kecap rajékan nu ngawujud kecap rajékan lolobana dina kecap rajékan dwi murni. Campur kode idiom mangrupa campur kode nu diseselan ku basa Indonésia atawa basa asing dina wujud idiom. Campur kode dina wujud idiom nu kapanggih nyaéta dina wangun basa Indonésia. Campur kode klausa mangrupa campur kode anu diseselan ku klausa klausa dina basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Campur kode nu ngawujud klausa nyaéta campur kode klausa bébas jeung campur kode klausa kauger.

Adegan campur kode dina *memes* Sunda di *akun Instagram* Sunda mangrupa pola-pola kecap, pola frasa, pola baster, pola kecap rajékan, pola idiom, jeung pola klausa. Pola kecap kabagi jadi pola kecap salancar nu diwangun ku V jeung K, pola kecap rundayan nu diwangun ku rarangkén hareup (préfixasi), rarangkén tukang (sufiksasi), rarangkén barung (konfiksasi), jeung rarangkén bareng (ambifiksasi), kecap kantétan nu diwangun ku rakitan dalit jeung rakitan anggang, sarta kecap wamcahan nu diwangun ku tingkesan jeung singgetan.

Pola Frasa kabagi jadi pola frasa barang nu kabagi jadi 11 pola nyaéta KB+KB, KB+KP, KB+KS, KB+KPan, KB+KPang, KP+KB, KPan+KPany, KPany+KB, KB+KPany+KB, jeung KB+KB+KB+KB. Pola frasa pagawéan kabagi jadi dalapan pola nyaéta KP+KP, KP+KS, KP+KPan, KPan+KP, KB+KP, KPany+KP, KS+KB, jeung KPan+KP+KP. Pola Frasa Sipat kabagi jadi genep pola nyaéta KPang+KS, KPany+KS, KPany+KS, KPany+KS, KPany+KS+KB, jeung KB+KPany+KPany+KP. Pola frasa bilangan kabagi jadi sapola nyaéta KBil+KB. Pola frasa pangantét kabagi jadi genep pola nyaéta KPang+KB, KPang+KP, KPang+KPany+KP, KPang+KB+KB, KPang+KB+KS, jeung KPany+KB.

Pola Baster kabagi jadi hiji pola nyaéta BS+BAr. Contona dina baster *cai wudhu*.

Pola Kecap Rajékan kabagi jadi lima pola nyaéta Rdm, ber+Rdm, sa-+Rdm+-na, se-+Rdm, jeung Rdp.

Pola Idiom kabagi jadi tilu pola nyaéta idiom dina wangun kecap, idiom dina wangun frasa, jeung idiom dina wangun klausa. Idiom dina wangun kecap miboga hiji pola nyaéta KP+KB. Idiom dina wangun frasa kabagai jadi dua pola nyaéta KPany+KS+KB jeung KP+KP+KB. Idiom dina wangun klausa kabagi jadi hiji pola nyaéta KP+KP+KP.

Pola Klausa kabagi jadi pola klausa bébas jeung pola klausa kauger. Pola klausa bébas kabagi deui jadi klausa bébas barang, klausa bébas pagawéan, klausa bébas sipat, klausa bébas bilangan, jeung klausa bébas pangantét. Dina pola klausa bébas barang kapanggih aya dalapan adegan klausa nyaéta J+C,C, Kat + K+ J, Kat + J+ C + K+ Pang+ C, J+ Pang+ C, J+ Pang, J+ C+ K, jeung Pang+ C. Dina pola klausa bébas pagawéan kapanggih aya 16 adegan klausa nyaéta J+ C+Pang, C+J, J+C+U, K+C+ C+ Pang, J+ C+ K+C+ C, C+ J+ Pang, J+ C, C+U, C+Kat+K+C, Pang+ C, C+U+ K+ J+Pang, Kat+ J+C, C+Pang, Pang+C, C+K+C, jeung J+C+Kat. Dina pola klausa bébas sipat kapanggih aya tilu adegan klausa nyaéta J+C+Pang, C+ Pang, jeung J+C. Dina pola klausa bébas bilangan kapanggih aya hiji adegan klausa nyaéta J+C. Dina pola klausa bébas pangantét kapanggih aya tilu adegan klausa nyaéta Kat+ C, J+C+ Pang, C+Pang, J+Pang.

Pola Klausa kauger kabagi jadi klausa kauger barang, klausa kauger pagawéan, klausa kauger sipat, jeung klausa kauger pangantét. Dina klausa kauger barang kapanggih aya opat adegan klausa nyaéta J+C, C+J, J+Pang+ C, Kat+ J, jeung K+ C. Dina pola klausa kauger pagawéan kapanggih aya 26 adegan nyaéta Pang+ C, J+C+U, J + C+ U+Pang, Pang+J, C+ Pang, K+K+ J+ C+ Pang, C+C, C+K, J+ C+ Pang, J+C+K+ C, K+ C+ Pang+ K+ C+U, K+C, Kat+J+C, C, J+C, Pang+ C+C, J+C+C+ Pang, J+C+U+C+Kat+K, K+C+Pang+C, C+K+C, C+U, C+Pang+ K+C, Pang+ J+ C K+ C, K+J+C, Pang+ J+ C+ Pang, jeung K + C+ Kat. Dina pola klausa kauger sipat kapanggih aya genep adegan klausa nyaéta K+ Pang+ J+C, C+ K+J+C+Pang, K+C, C,

C+ K, K+J+Pang. Dina pola klausa kauger pangantét kapanggih aya dua adegan klausa nyaéta J+Pang, J+ Kat.

Kalayan singget, bisa dicindekken yén campur kode *meme* Sunda dina *akun instagram* Sunda téh umumna aya dina wanda campur kode ka jero nu wujudna dina wangun kecap. Adegan kecap anu panglobana nyaéta dina wangun kecap salancar dua engang.

5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun boh dina widang sosiolinguistik boh widang pangajaran. Dina widang sosiolinguistik bisa dijadikeun élmu pikeun ngeuyeyuban patalina basa jeung makéna basa di masarakat hususna dina média sosial. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa jadi référénsi pikeun ngeuyeuban data nu valid sangkan mikanyaho kana kaayaan campur kode nu kiwari lumangsung di masarakat Sunda husuna dina média sosial.

Dina widang pangajaran, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun dasar atawa tatapakan pikeun kagiatan diajar-ngajar boh sacara lisan boh sacara tulisan. Lian ti éta, tina unsur data campur kode nu kapanggih dipiharep bisa ditéangan deui kandaga kecap nu merenah dina basa Sundana.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun.

a. Pikeun Mahasiswa

Pikeun mahasiswa dipiharep ieu hasil analisis téh bisa nambahan pangaweruh ngeunaan campur kodé dina media sosial nu kiwari réa dipaké ku masarakat.

b. Pikeun Guru

Pikeun guru dipiharep kudu ngagunakeun basa Sunda nu merenah nalika ngajar di sakola. Lian ti éta, ieu hasil analisis téh bisa jadi bahan ajar nu luyu jeung SKKD (Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar).

c. Pikeun masarakat

Pikeun masarakat anu ngagunakeun *Instagram* hususna urang Sunda dipiharep bisa ngawilah-wilah deui ngeunaan kaédah kabasaan nu merenah jeung ilahar dina kahirupan sapopoé.

d. Pikeun *Admin-Admin Instagram*

Pikeun *admin-admin Instagram* atawa kréator Sunda, sok sanajan média sosial miboga sipat nu teu formal, tapi dipiharep ku ayana ieu panalungtikan téh bisa leuwih merhatikeun deui kaédah-kaédah kabasaan sangkan teu nimbulkeun kasalahan dina makéna basa.